DIOP/LO KINE DOUDOU

1er Conte

# Bukki ag Lëg



Bukki dafa amoon ay nag, waaye ay xàbon rek lëñuwoon. Lëg nag am ay nag yu jigéén. Ci nagu Bukki yi nag, amoon na wenn yëkk. Yëkk wi nekk ci gétt gi ba yàla àtte nagu Lëg tëbu ba wara jur. Ku nekk ci nag dafa doon sàmm ba genn ayubés sa moroom jël. Bi Lëg sàmmee ba ayubésam jeex, Bukki jël ba juróóm ñaari fanam mat mu xam ne nagu Lëg dana jur ci Fan yii. Ñu xëy, Lëg ne ko :

- "Nijaay Bukki, kon nag boo demee ca sama waa Kër, nga xamal leen ne maay sàmmi."

Mu ne ko :

- "Déét !...man kañ maay sàmmi."

Lëg ne ko :

-"Xà ?"

Mu ne ko :

- Ma aye sàmmi, ayewuma sàmmi, maay sammi

Booba dafa xam ne nagu lëg dina wasin. Bi nag wi wasinee, mu daldi jël barmol wi dem teg ci wetu yëkk wi ne ko :

- "yaw yaa kay nàmpal ne yaa ko jur."

Yëkk wi faalewul barmol wi ndax juru ko. Nag wi daldi yuuxu mu koy döör. Deenga. Yëkk wi it mu koy döör

. Deenga. Yëkk wi it mu koy döör

di ko ne :

- "Yaa koy nàmpal !"

Ca ngoon sa mu dikk daldi ne :

- "Lëgoo !"

Lëg ne ko :

- "Naam

Mu ne ko :

- "Sama yëkk wi jur na."

Lëg ne ko

- "aw yëkk dana juru, nijaay Bukki ?
Te du sama nag wee jur ?

Mu ne ko :

- "Saw nag jurul dara ! Saa yëkkaa
jur !"

Waa dëkk bi wax ba sonn manu ñu ci
dara. Ñu daldi dem ci buur bi.

Buur bi ne leen :

- "Léégi, Bukki, yëkk wuy jur kenn
musu ko gis. Lëg mii daal, nagam moo
jur. Xey na sax soo ko ñaanee barmol
wi mu may la ko, ndax gis nga mu ñuy
may soow, di nu may meew. Waay Bukki !
bayyil dugg ci yëfu jàmbur nag !"

Mu ne ko

- "Man, saaw yëkkaa jur !"

Bu gudee mu fab meew di sol sëlu wi
ndax bañ mu dee. Ba ñetti fani yàla,
manu ñu fexe ba jël sëlu wi ci bukki.

Lëg ne leen :

- "Bayyi leen."

Mu dem ne buur

-"dama bëgg nga sàkk ay seede,
ñu dem ca wetu gètt ga toog fa,(kom bukki fa lay fanaan) tey
deglu. Man dinaa àtte sama bopp."

Ñu daldi dem toog ca wetu kër Bukki.

Lëg daldi fajaru, gàddu aw semmiñam,
dikk ne :

- "koŋ ! kon ! nijaay Bukki ! nijaay Bukki teelal dem gètt ga. Tey mënu maa dem ndax dafa am lu ma dal biig. Sonn naa lool fu ne dugal naa fa sama loxo. Sama loxo bëp yàxu na ci ñag yi."

Bukki ne ko :

- "Lu xew ?"

Mu ne ko :

- "Dama tëdd ba gudi, ci ñetti waxtu, saa baay wasin. Bi saa baay wasinee, ma jog utali ko matt mu mu jaaroo munu maa fexe ba am matt."

Bukki daldi ree ba tëdd ci suuf, daldi ne ko :

Bilaay ya mana fen. Naka la sa baay di wasine ? Newoo ma yaaya wasin, ludul naan sa baaya wasin. Góòr dina wasin ?"

Lëg ne ko

- "Bilaay ! sama baaya wasin."

Bukki ne ko :

- "Tuug ! bul giñ ! yaw yaa ñeme yàlà ! Góòr du wasin kat, jigéénay wasin. Yaa masa gis fu góòr di wasine ? Xanaa jigéénay wasin."

Seede yi dajaloo ne ko

' "Sustamaa ! nun nag Bukki, loolu lanu doon seede si. Yaw leer na la ne sa yëkk wi jurul barmol wi. Fabal barmolu jómbur wi jox ko boroom. Ginaaw waa ji baayam wasinul, ya it sa yëkk wi jurul."

Noon lanu ko attee.